


# **Kijan pou w Fè Fas a yon Degèpisman (eviksyon) Pandan epi Apre COVID-19**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**  
**Pwojè sou Dwa Lokatè**

## **FÈMTI TANPORÈ TRIBINAL YO Akòz COVID-19**

Tribinal yo fèmen pou publik la an jeneral epi delè yo ki te pwolonje depi 16 mas 2020 jiska prezan ap bout le 1 jan 2020. Men publik la ka randre pou ranpli ijans, pou depoze lajan lwaye oswa yon ranpli yon repons oswa pou fè yon reklamasyon. Lè ou prale nan tribinal la fòk ou mete mas nan figi w.

### **KISA KI YON “DEGÈPISMAN” (EVIKSYON)?**

Yon degèpisman se lè yon pwopriyetè mande tribinal pou l retire nan kay li. Anvan degèpisman an pwopriyetè a dwe ba ou yon avi ekri. Si ou pa fè sa avi a mande oswa ou pa kite kay la, pwopriyetè a ap ranpli yon demand degèpisman kont ou nan tribinal konte a.

**REMAK:** Pwopriyetè ou a pa ka chanje seri, li pa ka koupe koura, gaz, dlo, elatriye ni fè anyen ki ta ka fose w kite kay la. Yo rele sa degèpisman ilegal oswa pratik entèdi e se yon vyolasyon lalwa Florid. Sa ka rann pwopriyetè ou a responsab 3 fwa valè lwaye ou a oswa pou domaj ki pi plis, ak onorè ak frè avoka. Konsilte panflè nou an sou “Kisa pou fè si pwopriyetè ou fèmen ou deyò oswa koupe dolo, kouran, gaz...ou”

### **REZON POUKI YO KA METE W DEYÒ**

- **Avi ke ou Pa Peye Lwaye Selon Règleman Nòmal yo.**

Anvan ke pwopriyetè a degèpi w legalman pou lwaye ke ou pa peye, fòk li ba ou yon **AVI DE TWA JOU** jan lalwa mande. Avi a dwe ekri kantite lwaye ou dwe, li dwe mande w pou ou peye lwaye a oswa pou ou kite kay la avan twa jou. Avi a dwe ekri byen klè dat lwaye a bout. Twa jou yo pa ka konte ni samdi ni dimanch ni jou ferye ke leta rekònèt. Pa egzanp si ou resevwa l yon jedi, vandredi se ap premye jou, lendi dezyèm jou epi madi twazyèm jou, jou sa a ou dwe peye lwaye a

Avi twa jou a sèlman ap ka mande pou lajan lwaye. Yo pa ka mande frè anreta, ni reparasyon ni lòt chaj. Rasire w ke ou byen li kontra ou. Si kontra a di ke frè anreta konte enben nan ka sa pwopriyetè a ka mete yo nan avi twa jou a.

Kou avi twa jou a bout, pwopriyetè a gen dwa ranpli yon plent degèpisman nan tribinal. Si avi twa jou yo mal fèt oswa li gen erè, pwopriyetè a ap gen opòtinite ranje sa avan jij la ranvwaye degepisman an. Menm lè sa ou dwe avèti jij la ke papye avi a mal fèt.

## KONSIDERASYON ESPESYAL AKOZ COVID-19

### LWA FEDERAL: DEKRÈ LWA CARES :

Akòz COVID-19, plizye lwa kont degepisman rantre an vigè. Lwa CARES se yon lwa federal ki entèdi kèk pwopriyetè ranpli fòm demand degèpisman ni touche frè anreta sou lwaye. Li aplike pou pwogram pou kay ki gen sibvansyon federal, kay pwogram HUD, Pwopriyete kredi fiskal pou kay pou moun ki touche anpil kòb, majorite kay ba pri, pwopriyete kote omwens youn nan lokatè yo gen kopupon pou Seksyon 8 ak pwopriyete prive ki gen ipotèk ak sibvansyon federal. Moratoryòm nan rantre an vigè depi 27 mas 2020 epi pwolonje pou 120 jou (jiska 25 jiyè 2020) Lè Moratoryòm nan fini, pwopriyetè a dwe voye yon avi omwens 30 jou anvan li prezante demand degèpisman. Pi bonè ke yon pwopriyetè ka fè demand degèpisman selon lwa CARES se 23 daout 2020. Pwopriyetè a pa ka touche frè anreta sou lwaye avan 25 jiyè 2020.

Si ou se yon lokatè ki ap eseye konnen si yon ipotèk la gen sibvansyon federal ou ka mande pwopriyetè a oswa ou ka revize enfomasyon sou ipotèk ki gen sipò federal.

<https://nlihc.org/federal-moratoriums>

<https://florida.evictionprotection.org/>

Remake ke paj entènèt sa yo pa gen enfòmasyon pou building ki gen mwens ke 4 apatman ni building ki aksepte koupon. Kay ou a ka gen pwoteksyon lwa CARES menm lè li pa nan lis ki sou paj entènèt sa yo.

Remake ke lwa CARES la pa entèdi pwopriyetè a kontinye ak pwosedi degèpisman ki te ranpli anvan dat 27 mas 2020.

LWA CARES AK TRIBINAL KONTE MIAMI-DADE: Gras a lwa federal CARES la, tribunal Miami bay lòd administratif 20-10, ki rele *In Re Evictions under the “Coronavirus, Aid, Relief and Economic Security Act” (the CARES Act)*. Se yon lwa ki ekzije pou chak pwopriyetè ki ranpli yon degèpisman pou lwaye kip a peye nan dat 27 mas 2020 oswa apre pou ranpli yon deklarasyon sou sèman pou verifye si kay kote y ap fè degèpisman an si li gen yon ipotèk ki gen sipò federal, yon ipotèk federal ki gen plizyè fanmi oswa si se yon kay ki kouvri anba seksyon 4024 lwa CARES LA. Deklarasyon sou sèman pwopriyetè a afime ke kay la pa tonbe nan kategori sa e ke li k ab pou swiv pwose degèpisman an. Sepandan pwopriyetè a dwe fè deklarasyon an anvan li kapab jwenn yon jijman degèpisman pou lwaye kip a peye. Si pwopriyetè a pa ranpli deklarasyon sa ou dwe itilize sa kòm defans ak nan rekèt pou detèmine lwaye a. (sa diskite apre)

## **MORATORYÒM POU TOUT ETA A:**

Anplis Iwa federal CARES la, gen yon Moratoryòm separe sou degèpisman nan tout **Eta Florida** ki kòmanse depi 2 avril 2020. Moratoryòm sa ap aplike sou tout degèpisman pou pwoblèm pèman. Degèpisman yo ap kanpe jiska 30 jen 2020 dapre EO 20-137. **Sepandan, ou ap toujou dwe lwaye Avril, Me, Jen.** Anplis, ou ka bezwen pwouve ke ou pa ka peye akòz kriz COVID-19. Li enpòtan pou rasanble anpil prèv pou montre ou pa gen lajan pou peye lwaye. Egzanp, dokiman de kilè ak pouki ou pèdi salè ou ka itil pou montre ou pa ka peye lwaye akòz kriz COVID-19.

## **ÒDONANS KONTE A:**

Espesyalman, nan **Konte Miami-Dade** gen yon Iwa ki kanpe degèpisman nan men Miami Dade **Public Housing ak County-Owned Affordable Housing** pandan epòk kriz la.

Dapre òdonans sa, pwopriyetè a pap ka pran okenn desizyon ki pou facilite degèpisman lokatè yo. Sa vle di ke pwopriyetè a pa dwe kòmanse okenn pwosesis degèpisman, ni ranpli fòmilè, si wap viv nan yon lojman publik oswa yon lojman konte a.

### **• Vyolasyon Kontra Lwaye oswa Vyolasyon Règ ak Règleman yo**

Pwopriyetè a ka depose yon pwose degèpisman tou kont ou paske ou pa respekte kontra, paske ou pa respekte règ li, oswa ou fè kèk bagay ki ka menase sante, sekirite ak byenèt lòt lokatè.

Dapre Iwa Florid, pwopriyetè a dwe ba ou omwens 7 jou avi kote li ekri pwoblèm lan. Si pwoblèm la ka rezoud, pwopriyetè a dwe ba ou AVI SÈT JOU POU REZOUD li. Rezon ki fè yap ba w avi sa se pou ou ka sispann fè sa pwopriyetè a di wap fè ki se yon vyolasyon. Pa egzanp, si pwopriyetè a voye yon avi pou li di ke kamyon ou ki nan pakin nan se yon vyolasyon kont règleman nan kontra a. Si ou deplase kamyon an, ou rezoud pwoblèm nan kidonk pwopriyetè a pap ka depoze pwose degèpisman. Men si ou remete kamyon an ankò nan pwochen 12 mwa yo li ap ka depose pwose degèpisman an.

Si pwoblèm lan pa ka rezoud pwopriyetè a dwe ba ou 7 jou pou ou fini lwaye ou a. Pa egzanp si ou andomaje kay la anpil, pwopriyetè a ka mete fen a kontra lwaye ou a epi mande w pou ou demenaje nan 7 jou.

Si wap viv nan yon pwopriyete ke Iwa CARES la kouvri, revize Seksyon anlè a. Lwa CARES la entèdi pwopriyetè yo voye avi anvan 25 jiyè 2020. Apre 25 jiyè, pwopriyetè a dwe voye yon avi 30 jou.

- **Fen oswa Ekspirasyon Akò/ kontra lokasyon**

Yo ka mete ou deyò paske kontra ou ak pwopriyetè a bout.

Si ou se yon lokatè prive epi ou pa gen kontra, donk pwopriyetè a dwe ba ou yon avi ekri pou fè ou kite kay la. Kantite avi a depann de frekans/kijan ou konn peye lwaye. Si ou peye lwaye chak semèn, pwopriyetè a dwe voye yon avi ekri pou ou kite kay la omwens 7 jou avan lwaye a bout. Si ou peye lwaye chak mwa, li dwe voye yon avi ekri pou ou kite kay la omwens 15 jou anvan lwaye a bout.

Remak: Si wap viv nan Miami Beach oswa nan Vil Miami, pwopriyetè a dwe ba ou 30 jou avi ekri anvan li mande ou kite kay la. Si lwaye a bout premye jou mwa a, avi a dwe bout omwens dènye jou mwa a.

Si wap viv nan yon kay prive ki pa gen kontra, pwopriyetè a ka degèpi w pou nenpòt rezon, depi se pa yon diskriminasyon ni yon revanj.

Si wap viv nan yon pwopriyete ke lwa CARES la kouvri, revize seksyon anlè a. Lwa CARES la entèdi pwopriyetè yo voye avi anvan 25 jiyè 2020. Apre 25 jiyè, pwopriyetè a dwe voye yon avi de 30 jou.

Si wap viv nan yon kay piblik oswa yon lojman ki sibvansyone, gen lòt règ ak lwa pou sitiayson pa w.

Wap bezwen pale ak yon avoka nan Legal Services.

Si ou dwe lwaye epi pwopriyetè a pa ka prezante plent degèpisman poutèt ou pa peye akòz Moratoryòm nan, pwopriyetè a ka eseye mete fen nan kontra ou san li pa ba w rezon kou gen nouvo chanjman nan lwa a. Si pwopriyetè a eseye mete fen a kontra ou a yon mwa apre ou pat ka peye lwaye ou, ou ta dwe fè konnen nan repons ou ke moratoriyòm nan aplike.

### **KIJAN POU EKRI REPOSNS OU**

1. Ansanm ak bwochi sa gen yon fòm "Repons, Defans Afimatif ak Mosyon pou detèmine lwaye." Ou bezwen ekri premye nimewo ka ak non pati yo nan tèt papye a. Pwopriyetè a se 'plaintif' epi ou menm ou se 'Defendant' (Akize a)
2. Li plent degèpisman an epi reponn chak paragraph. Wap reponn pa ekri si ou dakò oswa si ou pa dakò ak sa ki nan chak paragraph la. Si ou pa konnen si pou dakò oswa pa dakò ak yon paragraf ou ka ekri " ou pa konnen"
3. Apre sa ekri defans ou epi eksplike pouki yo pa dwe mete ou deyò (egzanp: Pwopriyetè a ap vanje I paske mwen te rele enspektè pou verifye ke Kondisyon kay la pa bon, mwen deja peye lwaye mwen.)

4. Konstitisyon an ba ou dwa egzije yon pwosè ak moun ou konnen. Ou ka renonse a dwa sa nan kontra lwave ou. Si ou vle mande yon pwosè avèk Jiri, ou dwe fè li menm lè ou ranpli repons ou oswa nan 5 jou apre ou ranpli repons ou a; nan ka kontré ou ka renonse a dwa ou. Gen avantaj ak desavantaj nan egzije yon pwosè avèk Jiri. Menm lè se dwa ou pou ou egzije yon pwosè avèk jiri, li ka difisil pou ou reprezante tèt ou nan yon pwosèa. Si ou gen kesyon sou si pou ou mande yon pwosè avèk jiri, ou ta dwe pale ak yon avoka.
5. Sinyen repons ou a, mete non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou.
6. Prezante orijinal la nan tribal la, epi voye yon kopi bay pwopriyetè epi kenbe yon kopi nan achiv ou.

## **DEPOZE YON MOSYON POU DETÈMINE LWAYE** **OSWA** **DEPOZE LAJAN NAN REJIS TRIBINAL**

Pou defann yon degèpisman nan Florid,ou DWE peye nan rejis tribal lajan lwave ke pwopriyetè a mande nan plent degèpisman an si ou pa dakò ak sòm nan, mande jij la pou li detèmine Konbyen ou dwe peye. Ansanm ak bwochi sa gen yon fòm "Repons, Defans Afimatif ak Mosyon pou detèmine lwave."

Bagay ou ta ka mete nan mosyon pou detèmine lwave:

- Kantite pwopriyetè a mande a pa kòrèk
- Pwopriyetè a mande yon kòb anplis ki pa lajan lwave.
- Kay la peye deja.
- Pwopriyetè a pat fè reparasyon kidonk lajan lwave a ta dwe redwi.
- Pwopriyetè a coupe dlo oswa kouran, oswa li fèmen w deyò ilegalman.
- Si ou kouvri ak nan moratoryòm ki nan lis anlè a ou dwe revandike sa nan mosyon la pou detèmine ke lwave a pa oblige depoze nan rejis tribal la paske pwopriyetè a pa dwe ka kontinye pwoesisis degèpisman an tout jan

Anpil jij pap konsidere redwi lajan lwave a jiska ke ou depoze tout lajan an nan rejis tribal la.

Kèlkeswa rezon ou, ou dwe mete ladan prèv pouki wap mande tribal la detèmine Ki kantite lwave ou dwe peye. Pa egzanp si ou gentan peye lwave a, mete kopi resi yo ladan. Si ou panse ke montan lwave a dwe redwi pou move Kondisyon kay la, ou dwe mete foto prèv.

Ou dwe kontinye depoze lajan lwave a nan rejis tribal la toutotan degèpisman an atant

**REMAK: Si ou pa peye lajan lwave a nan rejis tribal la oswa ou pa ranpli mosyon pou detèmine lwave a, ou pral renonse a tout defans ou eksepte pou pèman. Sa ki vle di ou**

ap pèdi ka a otomatikman epi pwopriyetè a genyen ka a.Ou pap ka wè yon jij epi yap mete ou deyò.

### **TOUT LWAYE OBLIGATWA POU PEYE**

Menm anba pwoteksyon COVID-19, ou dwe peye lwave. Pwopriyetè a pap ka mete ou deyò, men kou pwoteksyon an ekspire ou ap gen pou peye tout lajan lwave ou dwe.

### **KILÈ AK KIBÒ POU DEPOZE REPONS OU**

Repsons ou dwe ale nan tribunal la senkyèm jou apre plent pou degèpisman te rive lakay ou. Ou pa dwe konte ni samdi ni dimanch oswa jou fèt ni jou li rive a pa konte.Si ou te gen yon dat limit ant lendi 16 mas 2020 ak 29 me 2020 (tankou delè 5 jou pou depoze yon repons nan tribunal) ou ta dwe depoze repons ou le 1 jen 2020.Si ou pa respekte dat la oswa ou pa parèt nan odyans lan ou ka pèdi pwosè epi jij la ka pran desisyon definitif pou li degèpi ou.

Ranpli repons ou vle di pou ou ale nan sekretarya tribunal la epi di “mwen vle ranpli yon repons pou degèpisman” Pran 2 kopi repons la (youn pou ou epi youn pou pwopriyetè a) Rasire ou ke yo mete so tribunal la nan tout kopi yo.

Pote repons ou a nan tribunal kote yo te ranpli degèpisman an, abityèlman se nan tribunal ki pi pre lakay ou a. Konvokasyon an ap di w ki kote li te ranpli. Men yon list tribunal nan Konte Miami-Dade

Dade County Courthouse (05)  
73 West Flagler Street  
Miami, FL 33130

Coral Gables Branch Court (25)  
3100 Ponce de Leon Boulevard  
Coral Gables, FL 33134

North Dade Justice Center (23)  
15555 Biscayne Boulevard  
Miami, FL 33160

South Dade Justice Center (26)  
10710 SW 211 Street  
Miami, FL 33189

Hialeah Courthouse (21)  
11 East 6 Street

Hialeah, FL 33010

Miami Beach Court Facility (24)  
1130 Washington Avenue  
Miami Beach, FL 33139

Si ou pa ka ale nan yon tribinal, ou ka ranpli sou entènèt  
<https://www.jud11.flcourts.org/coronavirus/ArtMID/2392/ArticleID/3445/COVID-19-Advisory-10-Self-Represented-Litigants-Urged-to-Sign-Up-on-Florida-Courts-e-Filing-Portal>

## **DEFANS**

Ou kab petèt sèvis ak defans sa yo nan Repons ou a. Ekri yo anba “Defans” .Si yonn ladan yo aplike pou ou,ou dwe explike ke ou genyen ka a gras a yon nan defans sa yo.

- *Pwopriyetè a pat voye yon avi konfòm e legal ki di li ap mete fen a kontra a.* Sa vle di ke avi pwopriyetè a pa respekte kontra lwave a ni lwa florid (Florida Statute § 83.56) Jij la dwe bay mèt kay la opòtinite pou li refè papye a pou lokatè a pou pwoblèm pèman sèlman
- *Kòporasyon ki pa reprezante pa yon avoka.* Yon Kòporasyon pa ka reprezante tèt li ni li pa ka parèt nan tribinal san avoka.
- *Pa bon pati a.* Se sèl pwopriyetè a ki ka depoze yon pwose degèpisman.Tcheke dosye pwopriyete yo pou ou wè kiyès ki mèt kay la.
- *Manke dokiman.* Pwopriyetè a dwe atache sèten dokiman nan plent lan (egzanp kontra oswa yon 3 jou avi)
- *Pèman.* Si pwopriyetè a aksepte kòb lwave a apre 3 jou avi a, epi li ka anile pwose a. Men li pa ka aksepte kòb la si li gentan depoze plent.
- *Òf.* Si ou te déjà pare, ou te vle epi kapab fè pèman an pandan peryòd 3 jou avi a, men pwopriyetè a refize lajan an. Pwopriyetè a dwe aksepte lajan lwave a pandan peryòd 3 jou avi yo.
- *Manke kenbe kay la an bon eta.* Si pwopriyetè a refize fè reparasyon ak antretien nan kay la (egzanp : pa gen dlo cho, twati koule, enfekyon ravèt ,mwazi)
- *Degèpisman pa vanjans.* Pwopriyetè a depoze degèpisman paske ou te revandike dwa ou. Pa egzanp ou te kontakte sou konfòmite Kondisyon kay la epi mèt kay la depoze pwose a.

- *Kondwit diskriminasyon.* Mèt kay la ap fè diskriminasyon sou ras, koulè, nasyonalite, reliyon, sèks, andikap, vvolans domestik, timoun ki genyen, oryantasyon seksyèl, identite seksyèl, sous revni, oswa kèk lòt klas pwoteje.

**Ou ka anmezi pou afwonte defans anba Lwa CARES, Dekrè Egzekitif 20-94, oswa Rezolisyon Konte Miami-Dade 1253-19.**

Si w ap soufri nan COVID-19 oswa kondisyon sante ou mete ou nan yon kategori ki gen gwo risk pou COVID-19 ou ka vle mande mèt kay ou a pou yon akomodasyon rezonab. Mande pwopriyetè a pou li ba ou plis tan pou ou jwenn yon nouvo kay pou ou pa mete sante ou an danje. Si mèt kay ou a pap akòde demann ou an epi depoze yon pwose degèpisman, selon siti�asyon patikilye ou, ou ka anmezi pou revandike yon vvolasyon Lwa sou Lojman Ekitab ki egzije mèt kay la pou li fè akomodasyon akòz andikap ou. Ou pral bezwen jwenn dokiman medikal pou sipòte demann sa a.

### **KI SA KI VIN APRE?**

Si ou te depoze mosyon pou detèmine lwaye ou, tribunal la ap swa fikse yon randevou pou yon odyans sou mosyon an swa li ap bay lòd pou egzije w peye lwaye a. Si se yon odyans, prepare ou pou di jij la rezon pouki lwaye a pa kòrèk epi Konbyen ou ta sipoze depoze. Si tribunal la òdone ou pou fè depo, ou dwe fè l, sinon ou ap pèdi ka a otomatikman

Si ou fè depo yo te mande ou a, ou ka ale nan medyasyon. Se yon reyinyon ak mèt kay la, ou menm ak medyatè a. Pandan tribunal yo fèmen pou piblik la, li ka fèt a distans pa telefòn oswa sou Zoom. Medyatè a se yon moun san pati pri ki antrene pou li ede pwopriyetè avè ou rezoud pwoblèm nou. Medyasyon vle di eseye fè kompwomi men pa aksepte pa gen anyen ke ou pap ka fè. Si ou rive fè yon antant nan medyasyon an, wap siyen yon papye ki rele "estipilasyon" Jij la dwe siyen li tou. Se yon dokiman legal obligatwa. Li pap fasil pou anile akò sa si ou chanje avi. Li enpòtan anpil pou ou konprann anvan ou siyen.

Si mèt kay la avè w pa ka antann nou nan medyasyon an, defwa ou ka ale dirèkteman nan odyans final oswa pwosè. Jiskaseke tribunal yo louvè pou piblik tout pwosè ap fè a distans sou Zoom (pa entènèt).

Nan pwosè a mèt kay la ap kòmanse, lap prezante ka li a. Ou ka poze li menm ak temwen li kesyon. Sa rele ezaminasyon. Kou pwopriyetè a fini, ou ap prezante ka pa ou a . Ou ka gen temwen pou temwaye epi montre dokiman ak prèv ke ou genyen. Pwopriyetè oswa avoka li ka poze ou kesyon ak tout temwen ou a.

Apre jij la finn koute epi gade tout prèv, li ap pran yon desizyon li. Si jij la ba ou rezon, pap gen degèpisman, ou ap ka rete nan kay la. Sepandan defwa jij la konn bay kondisyon. Rasire ou ke ou konprann desisyon jij la anvan ou deplase. Defwa jij la eseye fè de pati yon pran yon antant. Pa egzanp jij la ka mande pwopriyetè a pou li aksepte ranvwaye ka si ou soti nan yon dat pou li evite jijman final.

Si ou pèdi odyans la oswa ou pat reponn pwosè a nan kòmansman, tribunal la ap pran desizyon final pou degèpisman. Jij la ka fè ou peye frè ak onorè avoka pwopriyetè a. Si pwopriyetè a ap jije ou pou lwavey ou pa peye, jij la ka rantre nan jijman kont ou pou deklare ke ou dwe mèt kay la lajan. Pou fè apèl kont desizyon sa a ou dwe depoze yon avi apèl nan 30 jou apre yo men yon apèl pap ampeche yo mete ou deyò amwens ke jij la ba ou chans pou rete tann. Abityèlman ou ap gen pou peye lwavey a pou ou ka rete pandan apèl la

## **MANDA POSESYON**

Si ou pa demenaje, tribunal la ap mande sheriff la pou li mete ou menm ak tout fanmi ak tout sa ou posede deyò. Avi ke sheriff la ap mete sou pòt kay ou a rete "writ of possession" Li ba ou 24 èdtan pou w demenaje. Si ou pa soti anvan sheriff la tounen, mèt kay la oswa ajan mèt kay la ap retire tout afè ou epi mete yo deyò Pwopriyetè a ap chanje seri yo tou devan sheriff la. Yo ka fè sa menm si ou pa nan kay la oswa ou gen timoun ou oswa ou malad. Nan Konte Miami Dade, sheriff la abityèlman tounen plizye jou apre li finn mete avi a sou pòt ou, li pa vini jou apre a. Men ou pa ka konte sou jou anplis. Pou plis enfomasyon tcheke bwochi nou a manda posesyon "writ of possession"

Akòz **IJANS COVID-19** ap gen yon reta nan egzekisyon Manda Posesyon yo. Lòd administratif 20-08 kou siprèm Florid deklare klèman ke grefye tribunal yo pa kab emèt manda posesyon. Nan Miami Dade, Depatman Polis la pap egzekite manda posesyon yo ni pap mete lokatè deyò nan peryòd ijans la.

## **KÒMAN POU MWEN TCHEKE ESTATI KA A ?**

Ou ka tcheke estati ka degèpisman an sou entènèt, gade nan "dosye a."

Pou tcheke ka a sou entènèt:

- Ale nan <https://www2.miami-dadeclerk.com/ocs/>
- Klike sou "Standard Case Search." (Rechèch estanda ka)
- Klike sou bouto ki make "Local Case Number a" (nimewo ka local)
- Rantre nimewo ka a. Ou pral gen tou antre kòd la nan imaj la.
- Klike sou chèche apre klike sou "Dosye" pou ou ka gen dènye mizajou degèpisman ou a

**NAN TRIBINAL KONTE A AK POU KONTE MIAMI-DADE, FLORID**

NIMEWO KA.: \_\_\_\_\_  
DIVISYON SIVIL

---

Pleyan (s),

vs.

---

Akize(s).

---

/

**REPONS POU DEGÈPISMAN**  
**DEFANS AK MOSYON POU DETÈMINE LWAYE**

**REPONS**

1. Mwen dakò ak paragraf \_\_\_\_\_ nan plent pleyan pou degèpisman
2. Mwen pa dakò ak paragraf \_\_\_\_\_ nan plent pleyan pou degèpisman
3. Mwen pa gen enfòmasyon sou paragraf \_\_\_\_\_ nan plent pleyan pou degèpisman
4. Mwen vle rekipere frè ak honorè avoka mwen an anba Fla. Stat. 83.48 and 83.59 si mwen genyen.

**DEFANS**

- Map viv nan yon kay Gouvènman Federal Sibvansyone (Lojman Piblik, Seksyon 8, Pwopriyete Kredi Fiskal pou Lojman pou Moun ki pa Touche anpil Kòb, ak lòt kalite lojman ki jwenn sibvansyon) epi mwen pwoteje ak lwa CARES la. Pwopriyetè a pa ka depose pwose degèpisman kont mwen depi 28 mas pou rive 25 jiyè 2020. Apre 25 jiyè 2020, pwopriyete a dwe voye mwen yon avi 30 jou pou peye lwaye anvan li ka ranpli yon fòm degèpisman.

- Pwopriyetè mwen a genyen ipotèk gouvènman federal sibvansyone epi mwen pwoteje ak lwa CARES la pou pwopriyetè a pa ka depoze pwose degèpisman paske mwen pa peye lwaye ant 28 mas ak 25 jiyè 2020. Apre 25 jiyè 2020, pwopriyete a dwe voye mwen yon avi 30 jou pou peye lwaye anvan li ka ranpli yon fòm degèpisman.
- Mwen pa konnen si map viv nan yon kay ki gen sibvansyon federal ni si pwopriyetè mwen an genyen ipotèk gouvènman federal sibvansyone oswa si kay la kouvri men map mande pwopriyetè m nan bay prèv ke kay mwen tonbe anba ekzansyon lwa CARES la.
- Mwen peye dèt lwaye mwen te dwe men pwopriyetè a chaje m frè oswa penalite pou pèman anreta. Dapre lalwa CARES, mèt kay la pa gen dwa fè sa soti 28 mas pou rive 25 jiyè 2020
- Pwopriyetè mwen ap degèpi mwen pou dèt lwaye. Dapre lòd egzekitif 20-94, 20-121, 20-137 degepisman pou dèt lwaye sispann jouk pou dat 20 jen 2020. Nenpòt ka ki ranpli nan epòk sa ap ranvwaye
- Pwopriyetè dwe prezante yon deklarasyon anba sanksyon pou verifye si kay li ap mande reprann nan genyen yon ipotèk federal, yon prè ipotèk miltifamiliyal oswa yon kay kouvri anba seksyon 4024 de lalwa CARES LA. Pwopriyetè a pa ranpli deklaryon sa kidonk li pa ka kontinye ak degèpisman an.
- Mwen revandike dwa mwen anba lwa CARES la, kidonk pwopriyete ap fè vanjans kont mwen epi degèpisman se yon vyolasyon estati Florid 83.64
- Mwen te òganize reyinyon ak lòt lokatè sou pwoteksyon nou ak dwa nou anba lwa CARES LA, Kòm rezulta pwopriyetè a defòme fondman reyinyon an epi tire vanjans sou mwen ak degèpisman an
- Ka sa a motive pa pèman ki pa pwoteje pa Lwa CARES ak / oswa Dekrè Egzekitif 20-94, 20-121, 20-137 epi pwopriyetè mwen an mal prezante baz la pou degèpisman kontoune pwoteksyon sa yo.

Lòt defans:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## MOSYON POU DETÈMINE LWAYE AK DEMAND ODYANS

Ak respè map mande pou tribunal sa detèmine Konbyen lwaye mwen dwe depoze nan rejis tribal la epi tou mande yon odyans pou ka sa (kwoche tout sa ki aplike)

- Mwen deja peye lwaye mwen. Resi yo atache nan dosye a
  - Map viv nan yon pwopriyete ki kouvri ak lwa CARES la, kidonk mwen anba lalwa, yo pa ka mete m deyò paske mwen pa peye lwaye nan moman sa, kidonk mwen pa gen oken obligasyon pou m depoze lajan nan rejis tribal la.
  - Mwen pa si si lwa CARES la aplike pou pwopriyete mwen an kidonk map mande yon odyans pou detèmine sa.
  - Dapre lòd administratif 20-10, ki rele lòd nan degèpisman anba "Coronavirus, Aid, Relief and Economic Security Act" (the Cares Act) pwopriyetè a dwe prezante yon deklarasyon sou sèman pou verifye si kay ka degèpisman ke li vle rekipere a gen yon ipotèk ki gen sipò federal, yon ipotèk federal miltifamiyal oswa se yon kay ki kouvri anba seksyon 4024 lwa CARES LA. Pwopriyetè a pa ranpli deklarasyon sa kidonk li pa ka kontinye pwosedi degèpisman an. Kòm pwopriyetè a pat etabli ke kay la pa kouvri anba lwa CARES. Mwen revandike lwa CARES. Pa konsekan mwen pa gen okenn obligasyon pou mwen depoze lajan nan rejis tribal
  - Dapre dekrè 94-20, 20-121, 20-137 tout degèpisman poutèt lwaye kip a peye te kanpe jiska 30 jen 2020. Kòm degèpisman sa te ranpli pandan moratoryòm nan mwen pa gen pou m depoze okenn lwaye.
  - Kantite lajan pleyan pa kòrèk paske:
- 
- 
- 
- 

- Gen move Kondisyon nan kay la epi lwaye mwen an ta dwe redwi, mwen atache foto epi explike Kondisyon yo pi ba:
- 
-

---

---

---

---

Lòt: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

**Pou rezon sa yo** ak respè map mande pou tribunal la fikse yon odyans pou detèmine Konbyen mwen dwe depoze nan rejis tribunal la ak pou lòt sa tribunal la estime jist

### **DEMAND POU PWOSÈ AK JIRI**

- Mwen ap mande yon pwosè ak jiri
- Mwen pap mande yon pwosè ak jiri

### **SÈTIKIKA SÈVIS**

MWEN SÈTIFYE ke mwen voye yon kopi repons sa, defans ak mosyon pou detèmine lwaye pleyan atravè la pòs nan \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, dat \_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 2020.

Non Akize a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Telefònn \_\_\_\_\_

**SA SE YON EKZANPLÈ YON FÒMILÈ LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI KREYE**